


# KÚYIK QALA ESTELIGINIŃ ARXEOLOGIYALIQ IZERTLENIW BASQISHLARI

**Sadikov Abdumumin Isaxovich**
“Muhammad Al-Beruniy” atındaġı orta arnawlı Islam bilim jurtı oqıtıwshısı
https://doi.org/10.5281/zenodo.8419929

**ARTICLE INFO**
Qabul qilindi: 01-October 2023 yil
Ma’qullandi: 04- October 2023 yil
Nashr qilindi: 09- October 2023 yil
**KEY WORDS**
*Kúyik qala esteligi, Kerder mádeniyatı, arxeologiyalıq-etnografiyalıq ekspediciya, topografiya, materiallıq mádeniyat.*

**ABSTRACT**
*Bul maqalada Kúyik qala esteliginiń arxeologiyalıq izertleniw basqıshları haqqında sóz etildi. Tariyxıylıq hám sistemalı analiz metodlarınan keń paydalanıldı.*

Qaraqalpaqstandaġı arxeologiyalıq esteliklerdi úyreniwde 1937-jılı S.P.Tolstov basshılıġında dúzilgen Xorezm arxeologiyalıq-etnografiyalıq ekspediciyasınıń dáslepki izertlew basqıshı bul jerdegi áyyemgi diyqanshılıq civilizaciyasına oraylarına qaratılġan. Biraq bul onıń berilgen izertlewlerdiń nátiyjesi Orta Aziyadaġı qońsı rayonlardıń turmısı olardıń turmıs dárejesi kóshpeli hám diyxanshılıq penen shuġıllanıwshı xalıqlardıń mádeniyatların birgelikte úyreniwdi talap etti. Áyyemgi Xorezmniń bunday rayonları Qubla shıġıs Aral boyları sonday-aq, Ámiwdariya hám Sırdáriyanıń deltaları bolıp tabıladı. Sol ushın Tok qala, Kúyik qala, Haywan qala, Qorġansha arxeologiyalıq esteliklerinde stacionarlı qazıw jumısları alıp barılıwı kerek edi. Bunday stacionarlı qazıw jumısları ekinshi jer júzlik urıstan soń alıp barıldı. Stacionarlı túrdegi qazıw jumısları Qubla Xorezm esteliklerinde júritildi. 1945-jılı Xorezm ekspediciyası arqa-batıstaġı Qızılqumda Taxtakópirdiń shıġıs tárepinde qazıw jumısların júrgizdi. Bul jerde Qorġansha qalası, Baraqtam esteligi sonday-aq, Xiywa xanlıġınıń Qaraqalpaqstandaġı XVIII-XIX ásirge tiyisli qorġanları izertlendi. Bunnan soń 1946-jılı ekspediciya Quwandáriya, Jańadáriya hám tómengi Sırdáriya boylarına aviya baqlaw ótkerildi [1,27]. Bunıń nátiyjesinde tómengi Sırdáriyadaġı Jetiasar qalasınıń qatar toparları hám Qazaqstandaġı Baypaqlı qalasha ashıldı. Sonday-aq, Quwandáriya hám Jańadáriya rayonlarındaġı hár qıylı estelikler úyrenildi [1,64]. Sol jılı Ámiwdáriya deltasınıń batıs tárepinde hám Ústúrt keńisligindegi Xorezmniń shegara qorġnaları X-XII ásirlerge tiyisli xabar beriwshi minaralar úyrenildi. Arxeologlar tárepinen birinshi márte Qońırattaġı Topıraqqala qorġanı, Puljay hám Boġraxan estelikleri izertlendi [1,27]. YA.G.Gulyamov tárepinen áyyemgi deltanıń suwġarıw tariyxı úyrenilip shıġıldı. Ol arqalı bir neshe qalalarġa shurf qoyılıp esteliklerdiń planı islep shıġıldı [2,167]. 1963-jılı Keskin Kúyik qala esteliginde qazıw jumısların alıp barıldı. Qazıw jumıslarınıń nátiyjesine qarap bul jerde jasawshı xalıqlardıń

mádeniyatı uzaq dáwirdi bronza ásirinen baslap orta ásirlerge shekem bolǵanlıǵın dálilleydi. Bul ótken uzaq dáwir ishinde olardıń antik dáwirde, orta ásirlerde Xorezm mádeniyatınıń tásiri bolǵanın ashıp beredi [3,205]. S.P.Tolstov basshılıǵındaǵı Xorezm arxeologiyalıq-etnografiyalıq ekspediciyalısnıń ulıwma jumıs alıp barıw planı boyınsha 1958-jılı Qaraqalpaqstan arxeologları tárepinen "Ámiwdáriyanıń Aral aldı deltasındaǵı arxeologiyalıq estelikler" teması jóninde jumıs alıp barıldı. Usı alıp barılǵan izertlewler nátiyjesinde B.N.Yagodin hám A.V.Gudkovalar tárepinen kandidatlıq dessertaciya jumıs islendi. 1958-jılı B.N.Yagodin hám A.V.Gudkovalar tárepinen deltanıń oń jaǵasında jónelisli izertlewler alıp barılıp Tok qala esteligi úyrenildi. Al, 1959-jılı qazıw jumısları júrgizildi. 1959-jıldıń aqırlarınan baslap Qaraqalpaqstanda keń kólemli ilimiy jumıslar Ózbekistan Respublikası Ilimler Akademiyası Qaraqalpaqstan filialı birlesken ilim izertlew tárepinen júritile basladı. Bir tárepten delta boyındaǵı arxeologiyalıq esteliklerdiń kartası dúzildi. Ekinshi tárepten bul esteliklerde stacionarlı qazıw jumısları júritile basladı. Bundaǵı eń qolaylı obyekt Tok qala bolıp ondaǵı bir qansha qatlamlar ashıldı [4,28]. 1947-jılı Xorezm ekspediciyası tárepinen Haywan qala izertlene baslandı. Estelikte jıynalǵan joqarı gúlal ıdıs materialları N.N.Vakturskaya hám E.E.Neraziklerdi birinshi márte bul esteliktegi gúlal ıdıslarǵa sıpatlama beriwge múmkinshilik jarattı. E.E.Nerazik Haywan qala gúlal ıdıslarınıń Xorezm esteliklerine uqsas bolǵan Xorezmniń arqadaǵı sahra qáwimlerinde ushrasatuǵın ǵulal ıdıslardıń bar ekenligin dálillewge múmkinshilik jarattı [5,255].

1956-jılı Xorezm ekspediciyasınıń xızmetkerleri tárepinen Kúyik qala eseliginde qazıw jumısları alıp barıldı. Qazıw jumıslarınıń nátiyjesinde estelkitiń dáwirine, esteliktiń topografiyasına xarakteristika berildi. Sonday-aq, eseliktegi mádeniy qatlamda úsh úlken qurılıs bar ekenligi anıqlandı. Qusqanatawdaǵı ossuariy qoyımshılıqları izertlenip olardıń VII-VIII ásirlege tiyisli ekeni anıqlandı [6,128].

Xorezm ekspediciyası qazıwlarınan soń Kúyik qaladaǵı qoyımshılıqlardan erte, orta ásirlerge tiyisli qanday da bir ózine tán mádeniyat tabılıp, ol Xorezmniń mádeniyatınan ózgeshe. Biraq, onıń menen tıǵız baylanısta ekeni belgili. Bul tabılǵan material basqa esteliklerdi arnawlı túrde izertlewler talap etedi. Bul máseleler tábiyǵıy túrde izertlewler barısında keń túrde úyrenilip sheshiledi.

Materiallıq mádeniyattıń sırtqı kórinisi ásirese, orta ásirlerde ómir súrgen qonıslardaǵı gúlal ıdıslar qubla Xorezmniń gúlal ıdıslarınan belgili dárejede ayırmashılıqlarǵa iye, biraq, deltadaǵı basqa qalashalardaǵı gúlal ıdıslarǵa uqsas bolıp keledi. Bul demek, orta ásirlerdegi mádeniy qonıslardıń ózgeshe mádeniyatqa, yaǵnıy Kerder xalıqları menen baylanıslı ekenin belgileydi. VIII-XIII ásirlerdegi arab-parsı dereklerinde Xorezm menen Kerder oblastı yamasa estelikleri menen baylanıslardı kóriwge boladı. Kerder haqqındaǵı máglıwmattı At-Tabariydiń 728-jılı jergilikli xalıqtıń arablarǵa qarsı kóterilisi haqqındaǵı maǵlıwmatlarda kóriwge boladı [7,82]. Usıǵan baylanıslı V.V.Bartoldtıń pikirinshe bul qalanıń musılmanshılıqqa shekemgi ómir súrgenligi tastıyqlanadı. 847-jılı Ibn Xardadbek jazıwınsha, 826-827 jılları xalifaǵa salıq tólewshiler arasında Xorezm hám Kerderdiń bar ekenligi aytıladı. Olardıń salıǵınıń ulıwma summası kórsetilgen. Ibn Xurdadbek Aral teńizin Kerder kóli dep ataydı. 930-933 jıldaǵı al-Istaxriydiń bergen maǵlıwmatlarında dál usınday Xorezmnen Kerderge shekemgi aralıqtıń Kerder qalası, sonday-aq, Kerder kanalı Mizdakxannıń shıǵıs shegarası ekenligi aytıladı. X ásirdiń sońǵı shereginde Kerder qalası Kerder kanalı degen atama menen Makdisiydiń maǵlıwmatlarında kóriwge boladı. Ol sonday-aq, qalanıń kólemi hám ol jerdegi qorǵannıń bar

ekenin jazıp qaldırǵan. Kerder qalası "Hudud al-alam" atlı shıǵarmada da ushrasadı. Kerder haqqındaǵı maǵlıwamatta 1219-jılı Yakuttan da kóriw múmkin. Onıń jazıwınsha, "Kerder iyeligi Xorezm oblastında yamasa Xorezmniń túrkler menen shegaradaǵı oblastta ekenligi aytıladı. Ol jerdegi xalıqlardıń tili xorezmshe de emes, túrkshe de emes. Olardıń jerinde kóplegen awıllar, mallar, padalar bar bolıp, bul xalıqlar oǵada qáharli adamlar". Kerder haqqındaǵı maǵlıwmatlar kóp bolsa da Kerder Xorezmniń bir bólegi dep aytılǵanı menen ol óz aldına ajıralıp turadı. Bul iyelik yarım ǵárezli, sonday-aq, xorezm etnografiyasına bul jer etnografiyalıq ózgeshe hátteki olardıń sóylew dialekti de, tili de ózgeshe bolıp keledi. Ótken ásirdiń aqırında Kerderlilerdiń jaylasıwı haqqındaǵı máselede P.I.Lerx hám N.I.Veselovskiy olardı arqa Xorezmde jaylasqan iyelik ekenligin aytadı. Kerder haqqındaǵı anıqlamanı birishi mártebe túrkmen hám túrkmenler tariyxı haqqındaǵı materiallarda anıq berilgen.

Kerder rayonınıń arxeologiyalıq jaqtan ózine tánligi 1948-jılı S.P.Tolstov tárepinen jazıladı. Onda "Xorezmniń Afrigiyler dáwirine tiyisli gúlal ıdısları Qubla Xorezmniń gúlal ıdıslarınan ózgeshe" aytılǵan [8,205]. 1956-jılı E.E.Nerazik ham YU.A.Rapaport Kúyik qala esteliginde qazıw jumısların alıp barıp ilimiy jaqtan estelikti izertlep Xorezmniń afrigit dáwirindegi esteliklerden ózgeshe ekenligin hám Kazalıdaǵı "Batpaqlıqqala" mádeniyatı menen tikkeley baylanıslı ekenligin aytadı. Ámiwdariya deltasındaǵı arxeologiyalıq izertlewler dawam etip, Kerder mádeniyatı tereńirek izertlewdi talap etti. Bunıń nátiyjesinde Kerder mádeniyatınıń tek ǵana oń jaǵalıqta Ústúrtke shekem taralǵanlıǵı, al onıń kelip shıǵıwı tómengi Sırdariya rayonları menen tıǵız baylanıslı ekenligin tastıyqlaǵan. Kerder mádeniyatı onıń taralǵan aymaǵı ol haqqındaǵı arnawlı jumıs B.N.Yagodinniń miynetlerinde kórsetilgen. Biz oǵan tolıq qosılǵan halda Kerder mádeniyatınıń óz aldına mádeniyat ekenligin hám onıń eki basqıshqa bólinip:

1) VI-VIII ásirler.
2) IX-XI ásirler menen belgilenedi.

Birinshi basqıshında Kúyik qala, Qorǵansha, Haywan qala hám Tok qalanıń tómengi qatlamları kiredi. IX-XI ásirler menen Tók qala hám Haywan qalanıń joqarǵı qatlamları belgilenedi. 1961-jılı Tók qalada alıp barılǵan qazıw jumısları nátiyjesinde qoyımshılıqlar izertenip ol jerden eki gorizonttaǵı qoyımshılıqlar tabılǵan. Tómengisi assuariy qoyımshılıqlar, joqarǵısı qam gerbishlerden órilgen qoyımshılıqlar.

VII-VIII ásirlerde Xorezmde feodallıq dúzim payda bolıp otırıqshı diyqanshılıq úlken qorǵanlar payda boladı. Úlken suwǵarıw sistemaları baqlap barıwlar júrgiziledi, sonday-aq, social qatlamlar hám aqsúyek diyqanlar hám jumısshılar qatlamları kelip shıǵadı. Al, Jetiasar hám Kerder qonıslarında buǵan qarama-qarsı jerde biz oǵada úlken jámiyetlik qáwim jayların ulıwma qáwimniń ańshılıq sistemasınıń dúzilisin kóremiz. Bunıń barlıǵı bul jerde otırıqshı diyqanshılıq penen shuǵıllanıwshı oblastlarǵa qaraǵanda patriarxalıq urıwlıq jámiyetiniń elede dawam etip atırǵanın kóremiz. Ótken ásirdiń 60-jıllarında V.N.Yagodin Ústirttiń shıǵıs bóliminen orta ásirlerdegi kóshpelilerdiń Duwana 1,2, Sulystemirlan – Kurkireuik hám Jarın qudıq 10 orınların ashtı. Bul ásirlerdegi materiallardı izertley otırıp olardıń Jetiasar – Kerder mádeniyatına tiyisli ekeni anıqlandı. Sonday-aq, bulardıń VII-VIII ásirlerdegi ańshılardıń jaylawı sıpatında paydalanǵanı anıqlandı. Bul esteliklerde ańshılar onnan aldın diniy sıynıw máresimlerin alıp barǵan. Ańnan soń minnetdarshılıq sıpatında qurbanlıq dástúrlerin ótkergen. Bul Ústirttegi Kerder qáwimleriniń ózine tán dástúr ótkeretuǵın ornı ekenligin dálillep berdi. 1997-jıldan baslap Ámiwdáriyanıń Aral aldı deltasındaǵı arxeologiyalıq

estelikler Ájiniyaz atındağı Nókis pedagogikalıq institutı tárepinen úyrenile baslandı. 1995-1997-jılı hám 1999-jıllarda Kerder hám Darsan qalalarında arxeologiyalıq izertlewler ótkerildi. Izertlewler dawamında úsh qazıw hám transheya qoyıldı. Qazıw jumısları nátiyjesinde Kúyik qaladağı úsh metrlik mádeniy qatlam ashılıp, ol bir neshe qurılıs gorizontına bólindi. 2002-2006-jıllarda Kúyik qala esteliginde izertlewler dawam etiledi. Qazıw jumısları nátiyjesinde esteliktiń topografiyası anıqlandı, qalanıń qoyımshılığı ashıldı hám qala tariyxına baylanıslı jańa materiallar jıynaldı. 2000-2003-jıllarda Qırantaw qalasında izertlew alıp barılıp qalanıń qoyımshılığı ashıldı. Bunda 3 tiptegi qoyımshılıqlar úyrenildi:

- ossuarilardağı saqlaw (b.e.sh III-II áá);
- VII-VIII ásirlerge tiyisli qoyımshılıqlar;
- IX-XII ásirlerge tiyisli qoyımshılıqlar [9,78].

Kúyik qala hám Tók qala esteliklerinen jıynalǵan kerder gúlal ıdısların arnawlı túrde analizley otırıp Kerder mádeniyatınıń qalay kelip shıqqanlığın hám ol mádeniyattıń Batıs Sibir Semirechya tómengi Sırdarya qáwimleri menen qanday baylanısı bar ekenligin úyreniwge múmkinshilik jarattı. Kerder mádeniyatınıń erte orta ásirlerdegi materialların izertlew arqalı bul jerde barlıq mashqalalardı sheshiw múmkinshiligi Tók qala, Kúyik qala hám Qırantawdıń erte orta ásirlerdegi qoyımshılıqlarınıń nátiyjesi dep aytıwǵa boladı. VI ásirdiń aqırı VIII ásirlerde Ámiwdárya deltasında jasawshı xalıqlar eki túrdegi jerlew úrp-ádetti bilgen: tazalanǵan súyeklerdiń ossuriylarǵa salınıwı, ıdıs hám yamalarǵa ólilerdi jerlew. Ossuariylarǵa salıp jerlew Tók qala, Gáwir qala, Kúyik qala, Qırantaw hám Porlıtawda ushırassa, al qazıp jerlew Kúyik qala, Qorǵansha, Qırantaw hám Gáwir qalalarda ushırasadı [9,78]. Tók qala hám Gáwir qalalardan tabılǵan alebastr ossuariylardıń sırtı reńli boyawlar menen boyalıp jazıwlar jazılǵan. Bul jazıwlar S.P.Tolstov hám V.A.Livicler tárepinen oqılıp úyrenilgen [10,67].

Jazıwlar zoroastrizmniń terminleri arqalı onda ay, jıl, sáneler kórsetilgen. VII-VIII ásirlerdiń birinshi yarımında kerderlilerdiń territoriyasındağı tabılǵan ossuariylarda xorezm tilindegi jazıwlardıń bolıwı bizdi hayran qaldırmawı kerek, sebebi xorezmlilerden zardushtiylik jerlew úrp ádetleri tómengi Sırdárya yağnıy kerderliler tárepinende ózlestirilgen. Sol ushında diniy dástúrlerde xorezm tilinen paydalanǵan bolıwı kerek [11,17].

Juwmaqlap aytqanda Kúyik-qala esteligi Qaraqalpaqstan respublikasınıń Shımbay rayonı aymağında, Shımbay qalasınan arqada 40 km uzaqlıqta jaylasqan. Ol Qusxana tawǵa jaqın jerdegi biyiklikte qurılǵan bolıp, jan-jağınan shól tegisligi menen qorshalǵan. Ayırım jerlerde tegislik jergilikli xalıq Qaraózek dep ataytuǵın Ámiwdáryanıń teńizge quyar ayağındağı ańǵarları menen kesilgen. Kúyik-qala hám onıń átirapındağı jerler Qaraózek kanalınan basqa, Shortanbay (orta ásirde Kerder dep atalǵan). Iyshan-jap, Bek-jap, Arzı-japlar arqalı suwǵarılıp turǵan.

Qaladan 3-5 km uzaqlıqta batıs tárepinde Qusxana taw biyikliginde ossuariya qoyımshılığı jaylasqan. Xorezm ekspediciyası tárepinen alıp barılǵan qazıw jumıslarınan soń Kúyik qala orta ásirlerdegi Kerder wálayatına tiyisli, otırıqshı xalıq jasaytuǵın qala bolǵan degen boljamǵa kelingen.

## Paydalanilǵan ádebiyatlar dizimi:

1. Толстов С.П. Хорезмская археология экспедиция АНСССР в 1946 г. //Изв. АНСССР, СИФ.-1947.-№2.-С.27
2. Я.Ғуламов История орошение Хорезма – Ташкент: 1957.-С.167

3. Толстов С.П. По древним дельтам Окса и Яксарта. –М.: 1962. С. 205.
4. Гудкова А.В Ток-кала. –Ташкент: 1964. -с.28
5. Неразик Е.Е. Керамика Хорезма афридское периода // ТХАЭЭ.-Т. IV-М.: 1959.-С.255.
6. Неразик Е.Е., Рапопорт Ю.А Куюк-кала в 1956г.//МХЭ.-Вып.1-М.: 1959.-С.128
7. Бартольд В.В. К истории орошение Туркистана.-Соч.-Т.3.-М.: 1963-С.82.
8. Толстов С.П. По следам древнехорезмийской цивилизации. –М.: 1948.-С. 205.
9. Мамбетуллаев М, Юсупов О, Турманов Ж Погребальные обычаи и культовые обряды население Кердера по материалам Куюк- калы // Вестник ККФАНРУЗ.-2003.-№4.-с. 78.
10. Толстов С.П., Ливщиц В.А. Датирование надписи на хорезмских оссуариях с городище Ток-кале/Советская этнография.-1964.-№2.-с.67.
11. Гудкова А.В. Ток-кала (Исследования комплекса археологических памятников IV в.до.н.э. в Северном Хорезме). Автореф.дисс.канд.ист.наук.-Нукус:1964.-с.17.

INNOVATIVE ACADEMY